

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Nurutkeun Wirakusumah & Djajawiguna dina Sudaryat (2004, kc. 5), basa nya éta alat nu dipaké ku manusa pikeun ngedalkeun eusi haténa, diwangun ku réntétan sora anu geus ditangtukeun éntép seureuhna ku masarakat nu maké éta basa. Basa mangrupa salah sahiji alat pikeun komunikasi. Ngaliwatan basa, manusa bisa ngedalkeun naon-naon anu aya dina haté jeung uteukna ti pangirim (panyatur atawa panulis) ka panampa (pamiarsa atawa pamaca). Tangtu basa téh penting pisan pikeun komunikasi dina kahirupan sapopoé. Basa téh ciri midunya semesta, sajabat, atawa universal. Ciri-ciri kasajagatan basa téh diwujudkeun ku basa minangka (1) saluran sora-rungu, (2) sora basa bisa dikedalkeun tur diregepkeun, (3) babari robah, (4) bisa siligenti, (5) unduring lakuna gembheng, (6) has tur mandiri, (7) mibanda ma'na, (8) sakarepna, (9) béda-béda, (10) pipindahan, (11) sipatna muka tur produktif, (12) hiji kabiasaan, (13) polana migana, (14) patukang tonggong, (15) museur ka dirina, jeung (16) bisa diulik (Sudaryat, 2004 kc. 10).

Basa Sunda mangrupa salah sahiji basa daérah anu aya di Indonesia. Basa Sunda téh kabagi dua bagian, nya éta basa resmi anu sok disebut basa baku jeung basa nu teu resmi anu sok disebut basa teu baku anu nalika digunakeunana kudu mehatikeun sababaraha kaayaan, saperti saha lawan caritana, dimana, sarta dimana digunakeunana. Basa baku digunakeun nalika kaayaan anu resmi saperti ngajar, kaayaan rapat sedengkeun basa teu baku digunakeun nalika kaayaan teu resmi saperti dina kahirupan sapopoé. Basa Sunda basa kaasup kana basa daérah anu jumlah panyaturna kaitung réa. Basa Sunda mangrupa basa Indung di wewengkon Jawa Barat, tangtu waé dipaké alat tatali marga ku masarakat Sunda. Dina kalungguhanana jadi basa daérah, saperti nu dicindekeun ku Seminar Politik Bahasa Nasional 1975 di Jakarta, basa Sunda miboga pancén atawa fungsi jadi (1) lambang kareueus masarakat Sunda, (2) lambang jati diri (idéntitas) masarakat Sunda, (3) alat paguneman di lingkungan kulawarga jeung masarakat Sunda, (4)

pangdeudeul basa nasional, (5) basa panganteur di sakola dasar (SD) di kelas-kelas munggaran pikeun ngalancarkeun pangajaran basa Indonésia jeung pangajaran lianna, sarta (6) alat pamekar jeung pangdeudeul budaya Sunda (Halim Ed dina Sudaryat spk, 2011 kc.2). Basa bakal hirup lamun sok dipaké jadi basa Sunda kedah diriksa. Salah sahiji cara pikeun ngariksa basa Sunda aya dina pangajaran di sakola.

Tujuan tina diajar basa Sunda nya éta ngahontal opat kaparigelan basa. Opat kaparigelan basa nya éta ngaregepkeun, maca, nyarita, jeung nulis. Dina pangajaran basa Sunda nulis mangrupa salah sahiji tina kaparigelan basa nu kudu dihontal ku siswa. Nulis nya éta hiji kaparigelan basa anu sipatna produktif. Nulis kaasup kana komunikasi teu langsung. Dina kaparigelan nulis panulis kudu bisa ngadumaniskeun antara kosa kecap jeung struktur basa. Salasahiji kaparigelan nulis diajarkeun di sakola jenjang SMA nya éta kaparigelan nulis carpon.

Dina kanyataanna, siswa kelas X miboga bangbaluh dina kaparigelan nulis. utamana dina ngagunakeun kecap, loba siswa anu ngarasa hésé pikeun ngébréhkeun naon-naon anu aya dina uteukna pikeun dikedalkeun dina wangun tinulis basa Sunda. Ieu hal lantaran kosa kecap anu dipikawanoh ku siswa heureut kénéh ku lantaran hésé siswa sok mancokkeun basa Sunda jeung basa Indonesia. Hal ieu dilantarankeun kapangaruhan basa-basa séjén saperti basa Indonesia.

Ayana masalah campur kode bisa nyieun siswa leuwih apik dina milih kekecapan basa Sunda. Campur kode mangrupa salah sahiji kasalahan dina makéna basa. Ku kituna, dipiharep siswa bisa lancar dina nulis atawa nyarita dua basa contona basa Sunda jeung basa Indonesia.

Dina prakna nulis atawa nyarita, loba kénéh siswa anu ngagunakeun dua basa kalayan henteu saluyu jeung aturan nu tangtu. Ku ayana éta hal, mangka diperlukeun ayana panalungtikan ngeunaan campur kode.

Dina panalungtikan saacanna aya sababaraha panalungtik anu geus medar ngeunaan campur kode. Éta panalungtikan téh nya éta *Campur Kode dina Nulis Surat Pribadi Siswa Kelas VIII SMPN 1 Lembang* (Dian Astriani, 2013) anu medar ngeunaan campur kode dina nulis surat pribadi nu ditulis ku siswa kelas VIII SMPN 1 Lembang, Campur Kode dina Karangan Pangalaman Siswa Kelas

VII SMPN 1 Bandung Taun Ajaran 2011/2012 (Ade Herni Nurkolbi, 2011) anu medar ngeunaan campur kode dina nulis karangan pangalaman siswa kelas VII SMPN 1 Bandung Taun Ajaran 2011/2012, jeung Campur Kode dina Akun Twitter Mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI (Aditia Solehudin, 2015) anu medar ngeunaan campur kode dina media sosial twitter mahasiswa departemen pendidikan bahasa daerah FPBS UPI.

Tina tilu judul panalungtikan ngeunaan campur kode di luhur, panalungtikan campur kode masih perlu dilaksanakeun. Ieu panalungtikan téh masih kudu dilaksanakeun lantaran penting pikeun ngajembaran pangaweruh masarakat kana makéna basa antara basa Sunda ka basa Indonesia. Sasaruuan tina ieu panalungtikan téh nya éta nalungtik ngeunaan kasalahan makéna basa, hususna ngeunaan campur kode. Bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan séjénna nya éta dina sumberna, utama sumber datana mangrupa carpon karangan siswa, kumaha jeung nepi ka mana campur kode basa Sunda jeung basa séjén dina carpon. Ku kituna, panalungtikan anu judulna “Campur Kode dina Carpon Karangan Siswa Kelas X IPA 4 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2015/2016” dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Sangkan teu lega teuing, ieu panalungtikan téh diwatesanan ngan maluruh ngeunaan campur kode wanda, wujud jeung faktor anu mangaruhan lumangsungna campur kode dina carpon karangan siswa kelas X IPA 4 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2015/2016.

Dumasar kana watesan masalah di luhur, panalungtik ngarumuskeun sababaraha masalah di antarana:

- a. Wanda campur kode naon bae anu aya dina carpon karangan siswa kelas X IPA 4 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2015/2016?
- b. Wujud campur kode naon bae anu aya dina carpon karangan siswa kelas X IPA 4 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2015/2016?
- c. Faktor naon bae anu mangaruhan lumangsungna campur kode dina carpon karangan siswa kelas X IPA 4 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2015/2016?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Panalungtikan miboga tujuan anu dibagi dua nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Panalungtikan ieu miboga tujuan pikeun maluruh pasualan atawa kahéngkérangan kabasaan dina widang atikan .

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikaweruh campur kode anu aya dina carpon karangan siswa kelas X IPA 4 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2015/2016 ku cara ngadeskripsikeun tilu hal, nya éta:

- a. Wanda campur kode naon bae anu aya dina carpon karangan siswa kelas X IPA 4 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2015/2016;
- b. Wujud campur kode naon bae anu aya dina carpon karangan siswa kelas X IPA 4 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2015/2016; jeung
- c. Faktor naon bae anu mangaruhan lumangsungna campur kode dina carpon karangan siswa kelas X IPA 4 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2015/2016.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Panalungtikan ieu miboga mangpaat anu dibagi jadi dua nya éta mangpaat tioritis jeung mangpaaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis anu nyampak dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nambah pangaweruh ngeunaan élmu sosiolinguistik jeung kaparigelan basa minangka élmu anu maluruh basa katut makéna basa di widang atikan hususna ngeunaan campur kode. Salian ti éta panalungtikan ieu bisa méré informasi ka masarakat ngeunaan campur kode.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Aya sababaraha mangpaat praktis tina ieu panalungtikan, di antarana:

1. Pikeun guru, bisa méré informasi pikeun kalumangsungan prosés diajar

2. Pikeun siswa, dipiharep siswa leuwih merhatikeun kandaga kecap dina ngagunakeun basa Sunda.
3. Pikeun umum, dipiharep ngahudangkeun kasadaran dina maké basa Sunda saluyu jeung kaédah katata basa.

1.5 Raraga Tulisan

BAB I Bubuka, anu ngawengku kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

BAB II Tatapakan Tioritis, anu medar ngeunaan tiori nu aya patalina jeung masalah anu ditalungtik diantarana medar ngeunaan campur kode, carpon, nulis jeung karangan, panalungtikan saméméhna, jeung kalungguhan tiori.

BAB III Métoeu Panalungtikan, anu medar ngeunaan métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan, saperti sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, instrumén panalungtikan, jeung téhnik panalungtikan.

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, anu ngawengku data-data, hasil analisis jeung pedaran.

BAB V Kacindekan jeung Saran, anu ngawengku kacindekan tina hasil panalungtikan jeung saran.